

**Depatman Edikasyon Florida**  
**Fòmilè Konsantman Paran**  
**Enstriksyon Sou Kourikoulòm Pwen Aksè Nòm Eta a ak**  
**Administrasyon Evalyasyon Altènatif Florida**



Etidyan \_\_\_\_\_ Dat: \_\_\_\_\_

Dat Nesans Elèv la: \_\_\_\_\_ Non Paran an (yo): \_\_\_\_\_

Distri: \_\_\_\_\_ Lekòl: \_\_\_\_\_

Mwen konprann, paske m ap patisipe nan ekip plan edikasyon endividyèl [Individual Educational Plan (IEP) an angle], mwen gen dwa pou dakò oswa refize pou pitit mwen (oswa mwen menm, si w se yon elèv majè) pou resevwa enstriksyon sou kourikoulòm pwen aksè nòm eta a ak pou mwen pran Evalyasyon Altènatif Florida a [Florida Alternate Assessment (FAA) an angle ] (si pitit mwen an bezwen pran li dapre nivo klas li).

Daprè Seksyon 1003.5715, Lwa Florida, m konprann Distri Konte Lekòl \_\_\_\_\_ pa gendwa bay enstriksyon sou kourikoulòm pwen aksè nòm eta a oswa bay FAA a amwenske mwen te bay yon konsantman ekri sou fòmilè sa a; oswa distri a te dokimante epi te fè efò rezonab pou jwenn konsantman mwen epi mwen pa te reponn; oswa distri lekòl la te jwenn otorizasyon nan jijman pwosedi ofisyèl ak/ou pwosedi pou fè apèl. Mwen konprann, pandan n ap tann pwosedi pou fè yon jijman oswa yon apèl pou yon plent, pitit mwen an ap rete nan menm pwogram lekòl li ye a pandan n ap tann desizyon jijman an, amwenske distri lekòl la ak mwen menm dakò yon lòt bagay.

Y ap mande mwen pou bay konsantman mwen paske ekip IEP a te detèmine nou dwe pran aksyon ki pwopoze a pou pitit mwen an resevwa yon edikasyon piblik ki apwopriye. Si mwen refize bay konsantman pou aksyon ki pwopoze a, pitit mwen an kapab pa resevwa tout sèvis ak soutyen ekip IEP a detèmine li bezwen, epi sa kapab gen yon enpak sou pwogre pitit mwen nan lekòl. Mwen konprann, si mwen pa bay konsantman mwen, pitit mwen p ap kalifye pou resevwa yon diplòm lekòl segondè men li ka resevwa enstriksyon nan klas edikasyon jeneral dapre EIP li. Mwen konprann aksè nan opòtinite demen tankou enskripsyon nan inivèsite oswa nan militè kapab limite si pitit mwen an pa gen yon diplòm. Konsantman sa a ap valid jiska pwochen revizyon anyèl IEP a, oswa jiska pwochen rankont IEP a si enstriksyon nan kourikoulòm pwen aksè nòm eta a ak administrasyon FAA a abòde, sa ki vini avan an.

Mwen bay konsantman pou bay enstriksyon nan kourikoulòm pwen aksè nòm eta a ak administrasyon FAA (si pitit mwen an bezwen pran li dapre nivo klas li).

\_\_\_\_\_  
Siyati Paran

\_\_\_\_\_  
Dat

\_\_\_\_\_  
Siyati Paran

\_\_\_\_\_  
Dat

Mwen pa bay konsantman pou bay enstriksyon nan kourikoulòm pwen aksè nòm eta a ak administrasyon FAA (si pitit mwen an bezwen pran li dapre nivo klas li).

\_\_\_\_\_  
Siyati Paran

\_\_\_\_\_  
Dat

\_\_\_\_\_  
Siyati Paran

\_\_\_\_\_  
Dat

Si w siyen "*M pa bay konsantman*," avan dis jou lekòl, distri lekòl la dwe devlope epi ajè sou yon nouvo pwosedi evalyasyon konfòmman ak yon nouvo IEP **oswa** li te mande yon jijman pwosedi ofisyèl.

Ou gen dwa ak pwoteksyon ki dekri nan *Avi konsènan Mezi Pwoteksyon pou Paran ak Elèv Andikape yo* [Notice of Procedural Safeguards for Parents of Students with Disabilities an angle]. Pou resevwa yon kopi, oswa pou ede w konprann dwa ou yo, kontakte:

\_\_\_\_\_ nan \_\_\_\_\_ OU \_\_\_\_\_ nan \_\_\_\_\_  
 (Responsab nan distri a) (Telefòn/Imèl) (Dezyèm Kontak) (Telefòn/Imèl)

Dokimantasyon pou montre yo te eseye jwenn yon konsantman:

1. Dat / Metòd itilize pou voye li: \_\_\_\_\_

2. Dat / Metòd itilize pou voye li: \_\_\_\_\_